

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Implementasi Kurikulum 2013 (K13) mangrupa hiji kawijakan anu dipilih ku Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dina taun 2014/2015 hususna dina jengjang *Sekolah Dasar* (SD) nepi ka *Sekolah Menengah Atas* (SMA). Dina kurikulum 2013 téh prak-prakan pangajaran leuwih nekenkeun dina prosés ngamekarkeun ranah kognitif siswa anu kréatif sangkan siswa bisa ngamekarkeun kamampuh dirina dina ngalarapkeun pangajaran. Lian ti éta, dina ieu kurikulum ogé siswa diperedih pikeun mikir kritis dina nepikeun hal-hal anu miboga kakaitan jeung materi ajar anu ditepikeun ku guru di kelas (Hidayat spk., 2020, kc. 39). Kukituna, sakabéh pangajaran tangtu kudu miboga kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa. Tuluy, nurutkeun Roestiyah (dina Suhada Spk, 2019, kc. 87) guru kudu miboga strategi sangkan siswa bisa diajar sacara éféktif jeung éfisen luyu jeung modél pangajaran anu diterapkeunana.

Dina pangajaran basa Sunda ngawegku opat kaparigelan basa, nya éta : (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Tina opat kaparigelan basa éta téh salahsahijina aya kaparigelan nulis. Nulis mangrupa salahsahiji kagiatan anu merlukeun tingkat konsentrasi jeung daya nalar anu hadé. Nurutkeun Rosidi (2009, kc.2) nulis téh mangrupa kagiatan pikeun ngébréhkeun pikiran, gagasan, jeung rasa hiji jalma dina wangun tulisan anu dipiharep bisa dipikaharti ku anu maca éta tulisana anu satuluyna miboga fungsi salaku alat komunikasi sacara teu langsung. Kaparigelan nulis kudu dpiboga ku unggal siswa sangkan tujuan pangajaran anu ditepikeun bisa kahontal.

Dina pangajaran Bahasa jeung Sastra Sunda, di kelas IX aya matéri nulis téks biantara. Biantara téh nyaéta pidato minangka aksi panyatur pikeun nepikeun hiji hal anu sipatna ngahaja tur formal pikeun mangaruhan masa (jalma réa) sangkan miboga pangaweruh anu sarua. (Haerudin & Suherman, 2019, kc.117). Nurutkeun Hadinegoro (dina Haerudin & Suherman, 2019, kc.119), biantara miboga tujuan pikeun méré katerangan atawa mapagahan hal-hal anu rék dibéwarakeun, jeung anu ditujukeun ka jalma réa atawa di ucapkeun di hareupeun jalma rea.

Dina Kurikulum tingkat daérah muatan lokal ditétélakeun rumusan Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar 4.5 keur pangajaran biantara kelas XI SMA (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2017, kc.28) nyaéta aya dina ranah keterampilan *4.1 Menyajikan téks biantara dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur téks, dan unsur kebahasaan yang benar sesuai kontéks.*

Dumasar kana KD di luhur, aya hal anu kudu dihontal ku siswa nyaéta struktur téks jeung unsur kabasaan. Struktur téks dina biantara ngawengku : (1) bubuka, (2) eusi, jeung (3) panutup. Sedengkeun unsur kabasaan nyawengku (1) undak usuk basa, (2) éjaan, jeung (3) tanda baca. Lian ti éta, aya ogé hal séjén anu kudu diperhatikeun ku siswa dina kamampuh nulis téks biantara nyaéta kudu nulis téks biantara luyu jeung struktur nulis téks biantarana. Nulis téks biantara téh tangtu teu babari, lantaran loba hal-hal anu kudu diperhatikeun dina nulis téks biantara diantaranya merhatikeun struktur téks biantara, undak-usuk basa, jeung kaédah basana.

Nurutkeun data lapangan Guru basa Sunda kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng kaparigelan siswa dina nulis biantara téh masih kénéh handap. Hal éta ditilik tina prosés nulis téks biantara. Ditilik tina tulisana masih kénéh teu nyambung dina nuliskeun struktur téks biantarana. Tuluy, dina nulis téks biantara siswa loba anu masih kénéh ngaler ngidul dina nuliskeun bahasan anu rék ditulis dina eusi téks biantara. Kahéngkéran anu mangaruhan siswa dina nulis téks biantara anu luyu jeung tujuan pangajaran nyaéta guru can miboga modél pangajaran anu cocog dina raraga mantuan siswa nungkulan éta pasualan, lantaran guru ngan nepikeun pangajaran luyu jeung buku panduana tuluy teu nepi kana ngarancang modél anu luyu jeung pangajaran anu rék ditepikeunana. Éta hal ogé anu ngabalukarkeun siswa dina nulis téks biantara anu merenah. Lian ti éta, siswa ogé can mamapuh ngabédakeun antara struktur salam bubuka jeung bubuka. Padahal nilik kana komponén anu dipenteuna aya struktur téks jeung unsur kabasaan. Éta hal kapaluruh tina hasil prakték nulis téks biantara siswa anu penteun siswa nu aya dina posisi handapeun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM).

Lantaran kamampuh siswa dina nulis téks biantara téh masih can bisa ngahontal KKM, perlu aya tarékah pikeun nungkulan pasualan diluhur anu kudu dilakonan ku guru . Nurutkeun Yusuf jeung Wulan (2015, kc. 24) nyebutkeun yén guru jadi palaku utama dina kahontalna tujuan pangajaran lantaran guru salaku *fasilitator* dina pangajaran, guru kudu miboga modél pangajaran anu matak ngirut siswa hususna dina pangajaran nulis téks biantara. Salahsahiji modél anu matak ngirut siswa téh diantara aya Modél Pangajaran *Mind Mapping* . Nurutkeun Buzan (2013, kc.4) *Mind Mapping* nyaéta cara anu gampang pikeun nempatkeun informasi kana jero uteuk sarta nyokot informasi ka luar tina uteuk. Konsép diajarna nuliskeun poko pikiran sacara kreatif, mirip jeung péta jalan anu loba cagakan. Unggal *Mind Mapping* ngagunakeun gambar, ngagunakeun garis anu melengkung, simbol, kecap, jeung gambar anu saluyu kana hiji rangkaian aturan anu basajan. Sakabéh daftar informasi anu panjang bisa dipindahkeun jadi diagram anu rupa-rupa wanguna jeung gampang diinget.

Mind Mapping salah sahiji modél pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran basa Sunda, sabab *Mind Mapping* miboga sababaraha kaonjoyan nyaéta ngirut kana panon jeung uteuk (Buzan, 2013, kc. 35). Siswa anu ngalarapkeun ieu Modél pangajaran dina nulis téks biantara tangtu bakal lewih babari dina nulis téks biantarana lantaran geus miboga rarancang poko pikiran anu rék dituliskeun dina sakabéh struktur téks biantara. Éta hal ogé dirojong ku Said jeung Budimanjaya (2013, Kc. 4) anu nétélakeun yén *Mind Mapping* atawa anu sok disebut péta pikiran nyaéta hiji métode anu bisa ngamaksimalkeun poténsi dina pikiran manusa pikeun ngagunakeun uteuk katuhu jeung uteuk kénca sacara saimbang lain ngan kur saukur tina hiji ranah tapi tina sababaraha ranah. Panalungtik milih modél pangajaran *Mind Mapping* sangkan bisa mantuan siswa dina prosés pangajaran nulis téks biantara lantaran ieu modél pangajaran nuliskeun gagasan inti tina unggal struktur –struktur biantara anu rék ditulis tuluy dikembangkeun jadi hiji téks biantara anu luyu jeung strukturna.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngabuktikeun yén ngaliwatan Modél Pangajaran *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun

kamampuh jeung minat siswa kana pangajaran nulis hususna dina pangajaran nulis téks biantara.

Panalungtikan sarua anu aya patalina jeung ieu panalungtikan di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda nyaéta Modél *Mind Mapping* Pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Nyaritakeun Pangalaman Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII F SMP Negeri 3 Lembang Ajaran 2013/2014 ku Lia Marliah taun 2014. Paelungtikan séjéna nyaéta panalungtikan anu judulna Modél Pangajaran Complete Sentences Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biantara Ku Sely Mutia Zein taun 2019.

Ieu panalungtikan téh miboga bébédaan dina sumber data anu dicokotna. Kukituna, panalungtikan anu judulna “ Modél Pangajaran *Mind Mapping* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh nulis téks (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng Taun Ajar 2021/2022) perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu ditalungtik téh nyaéta ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa dina nulis téks biantara sabada ngagunakeun Modél Pangajaran *Mind Mapping*. Aya sababaraha pasualan anu nyampak dina ieu panalungtikan, diantarana:

- a. Kamampuh siswa dina nulis téks biantara masih kénéh asor.
- b. Nalika nulis téks biantara, siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng kalimahna can nyambung jeung can ngaguluyur.
- c. Nalika nulis téks biantara, siswa kelas IX C SMPN 4 pakenjeng dina bagéan eusi masih kénéh kabula-kabalé kalayan can merenah.
- d. Pentingna pangajaran nulis téks biantara anu kudu dipimilik ku siswa.
- e. Kurangna Modél pangajaran anu dipimilik ku guru pikeun mantuan siswa dina ngahontal tujuan pangajaran

Sangkan pasualan anu anu karandapan di luhur téh leuwih babari dipaluruh, dina ieu panalungtikan dirumuskeun sababaraha kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa saméméh ngagunakeun *Mind Mapping*

Rima Arianti, 2022

MODÉL PANGAJARAN MIND MAPPING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS BIANBARA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng ?

- b. Kumaha kamampuh nulis téks biantara sanggeus ngagunakeun *Mind Mapping* siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenejeng?
- c. Naha aya bébédaan anu signifikan antara anatara kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*?
- d. Aspék-aspek naon waé anu ngaronjat dina pangajaran nulis téks biantara saengeus ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun di luhur, tujuan ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.1.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji modél pangajaran *Mind Mapping* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara di kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng Taun Ajaran 2021/2022.

1.1.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun masalah:

- a. Ngadeskripsikeun kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng.
- b. Ngadeskripsikeun kamampuh nulis téks biantara sangeus ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng.
- c. Nguji bédana kamampuh nulis téks biantara sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng.
- d. Nganalisis aspék-aspek naon waé anu ngaronjat dina pangajaran nulis téks biantara sangeus ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga mangpaat. Sakumaha kasang tukang anu geus diébréhkeun, mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran *Mind Mapping* dina pangajaran nulis téks biantara.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti mangpaat téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, diantarana:

- a. Siswa bisa aktif dina kagiatan pangajaran sarta bisa nambahan élmu pangaweruh ogé ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara.
- b. Guru bisa ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* henteu ngan saukur dina pangajaran nulis téks biantara.
- c. Pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmuan pikeun panalungtik.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab kalawan sistematis nyaéta BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II eusina ngawengku ulikan tiori ngeunaan modél Pangajaran *Mind Mapping*,

BAB III eusina ngawengku métode panalungtikan, sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV eusina ngawengku déskripsi hasil panalungtikan. Dina ieu bab dipedar data panalungtikan dina modél pangajaran *Mind Mapping*, tuluy dianalisis. Ku kituna, dina ieu bab bakal katitén hasil henteuna panalungtikan.

BAB V eusina ngawengku kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti kacindekan, panulis ogé méré Implikasi saran atawa rékoméndasi pikeun nu maca.